SOMERVILLE PUBLIC SCHOOLS

Kouman pou mwen enskri pitit mwen nan lekòl?

167 Holland Street, 2nd floor, Rm 209, Somerville, MA 02144
617-629-5670 | enrollment@k12.somerville.ma.us

Enskripsyon pou 2027-2028: Kreyòl Ayisyen

Byenveni nan Lekòl Leta Somerville

Pwosesis enskripsyon lekòl la ka pran 7-10 jou si w ap enskri pou kòmanse pandan ane lekòl aktyèl la. Si w ap enskri pou pwochen ane eskolè a, tanpri ale gade sou sitwèb nou an pou w jwenn dat delè yo.
www.somerville.k12.ma.us/enrollment

1

Kolekte Dokiman Obligatwa yo epi Enskri sou Entènèt osinon An prezansyèl

Enskri sou Entènèt osinon an pèsòn avèk dokiman obligatwa ou yo (gade do paj la pou lis dokiman ki obligatwa yo).

Si w ta bezwen èd, tanpri pran yon randevou pa imèl enrollment@k12.somervill.ma.us osinon rele 617-629-5670.

Anplwaye nou yo pale Anglè, Panyòl, Pòtigè ak Kreyòl Ayisyen.
Nou gen tou yon liy lang pou bay sipò nan nenpòt lang.

2

Dokiman revise yo

Biwo Enskripsyon an ap revize dokiman w yo ki gen ladann yon egzamen fizik ki fèk fini ak dosye vaksinasyon yo (yo pral mande w yon lòt ki ajou nan yon ane apre yo antre nan lekòl la).

somerville.k12.ma.us/nursing

3

Evalyasyon Lang Anglè

Si pitit ou a pale osinon konprann yon lang anplis Anglè, nou dwe kolekte enfòmasyon sou istwa elèv k ap aprann lang Anglè yo nan lekòl anvan yo. Si sa a se premye fwa pitit ou a prale lekòl Ozetazini, nou pral pwograme yon evalyasyon lang pou detèmine ki pwogram ki pi bon pou li.

4

Elèv ki gen IEP yo

Si pitit ou a gen yon Plan Edikasyon Endividyalize, Biwo Enskripsyon an, pral konekte avèk Depatman Edikasyon Espesyal la pou detèmine pi bon pwogram pou pitit ou a.

5

Chwa Lekòl

Yon fwa pitit ou a te otorize medikalman epi tout dokiman yo te resevwa, yo pral ba w yon lekòl ki baze sou règleman komite ekòl Somerville , ki priyorize bezwen pwogram yo, preferans frè ak sè, ak pwoksimite (lekòl kote adrès ou konekte).

ENSKRIPSYON JENERAL POU ANE ESKOLÈ 2027-2028
LA KÒMANSE 4 JANVYE 2027

DAT ENPÒTAN POU ENSKRIPSYON Pre-K AK JADENDANFAN

Kòmanse Enskripsyon Pre-K ak Jadendanfan
4 JANVYE 2027

Fen Priyorite Enskripsyon
11 FEVRIYE 2027

Semèn Notifikasyon
SEMÈN 8 MAS 2027

SOMERVILLE PUBLIC SCHOOLS


Ki dokiman mwen bezwen pou enskri nan lekòl?

☐ **1. Kat Didantite w ki valab**

- Idantifikasyon Massachusetts, Pèmi kondwi, paspò, oswa lòt idantifikasyon ki gen foto ki soti nan gouvènman an (pou paran/gadyen k ap enskri timoun nan, pa pou timoun nan)




☐ **2. Batistè pitit ou a (pa lèt lopital)**




☐ **3. Yon (1) prèv rezidans:**

- Kopi kontra lwaye aktyèl la siyen – ki gen ladan kontra lwaye SHA ak HUD (1ye paj ak non ak adrès epi dènye paj la ak siyati)
- Kopi dènye deklarasyon ipotèk (oswa si kay la pa gen yon ipotèk ankò, yon kopi papye tit pwopriyetè kay la)
- Afidavi rezidans notarye (disponib sou sitwèb https://somerville.k12.ma.us/residency oswa Biwo Enskripsyon an bay li) epi pwopriyetè kay la oswa moun ki gen kontra lwaye a ranpli epi youn nan sa ki annapre yo: yon kopi yon bòdwo sèvis piblik nan non pwopriyetè a osinon lokatè a, resi/dosye pi resan peman lwaye a, osinon chèk anile (devan ak dèyè) nan peman lwaye
- Akò Seksyon 8




☐ **4. Yon (1) prèv lokatè:**

- Yon bòdwo sèvis piblik oswa yon lòd travay ki gen dat nan dènye 60 jou yo, ki gen ladan: bòdwo gaz, bòdwo elektrik, bòdwo lwil , bòdwo kab, bòdwo dlo, bòdwo telefòn selilè oswa telefòn lakay ou.
- Yon bòdwo ajans asirans sante prive ki gen dat dènye 60 jou yo
- Lèt Depatman Revni oswa Depatman Asistans Tranzisyon an nan 60 jou
- Souch chèk yo peye dat dènye 60 jou yo
- Bòdwo taks pou pwopriyete ane pase a ouswa eksaze taks machin ou an
- Bòdwo fakti taks oswa anrejistreman machin ki gen dat dènye ane ki sot pase a.



☐ **5. Pi resan vaksen ak dosye sante pitit ou a**

- Yon egzamen Jeneral ki fèk fin fèt ak dat la, ak lis vaksen yo, rezilta tès plòn (Pre-K & K sèlman ak you assessman TB risk ke you mande pou antre lekòl la.
- Lòd Doktè bay yo si pitit ou a ap bezwen pran medikaman pandan jounen lekòl la somerville.k12.ma.us/nursing



☐ **6. Dosye lekòl anvan yo (Klas 1-12 SÈLMAN):**

- Pi resan relve nòt ofisyèl lekòl pitit ou a, epi
- **Nan ka enskripsyon oswa transfè nan lekòl segondè:** Rapò disiplinè nan tout lekòl segondè timoun nan te ale

☐ **7. Lòt dokiman enpòtan jan sa nesesè**

- IEP aktif, plan 504, akò gad, Gadyen, lòd tribinal, elatriye
- Nòt ACCESS aktyèl (pou moun k ap aprann lang Anglè)

Si ou pa kapab bay dokiman yo, tanpri kontakte Biwo Enskripsyon an pou èd

enrollment@k12.somerville.ma.us *osinon* **617-629-5670**